

# The New Jersey Coalition Against Sexual Assault

New Jersey Coalition Against Sexual Assault (Kowalisyon New Jersey kont Agresyon Seksyèl yo (NJCASA)) se yon òganizasyon ki prezan nan tout Eta a pou defwann dwa moun yo e pou ranfòse kapasite yo. Li reprezante pwogram kont vyolans seksyèl k ap travay nan 21 konte New Jersey yo, Biwo pou Prevansyon Vyolans lan ak Asistans Viktim yo nan Rutgers University - New Brunswick, ak 8 pwogram ki adapte ak diferan kilti.

## Misyon nou

NJCASA goumen kont opresyon an ak rasis la nan travay l ap fè pou fini ak vyolans seksyèl la e pou ede sivivan yo ak moun ki pwòch yo. Li travay nan tèt ansanm avèk lòt òganizasyon pou tout moun trete yon fason ki ekitab, pou fè moun yo jwenn jistis e pou ede sivivan yo geri.

## Vizyon nou

Vizyon nou se yon monn kote pa gen okenn fòm opresyon, kote vyolans seksyèl pa egziste, e kote chak moun jwenn respè ak konsiderasyon.

## Prensip k ap gide nou yo

- Derasinen opresyon
- Detwi rasis
- Bay sivivan yo priorite
- Ede sivivan yo geri

## Sa nou fè

### *Fòmasyon ak edikasyon:*

NJCASA bay fòmasyon ak yon asistans teknik pou moun ki manm pwogram li yo ak pwofesyonèl ki patnè l yo, san wete sa ki travay nan sektè edikasyon, lejislasyon, polis, swen sante ak piblik la an jeneral.

### *Pledwaye:*

NJCASA travay pou yo pase lwa ak règleman ki bay sivivan yo priorite pou nou kreye yon sosyete kote gen plis sekirite ak ekite, kote tout moun ka geri e kote tout moun ka jwenn jistis.

### *Kolaborasyon:*

NJCASA travay nan tèt ansanm avèk òganizasyon ak kominote ki vle soutni sivivan yo epi kreye yon monn san vyolans.





Selon CDC yo, gen plis pase **2.7 milyon** sivivan vyolans seksyèl ki rete N.J. Sa vle di anviwon **1 rezidan New Jersey sou 3** te sibi vyolans seksyèl ki gen kontak nan lavi yo.

## Ou ka jwenn èd

Sivivan vyolans seksyèl yo ak moun ki pwòch yo kapab rele **liy asistans ki disponib 24 sou 24 nan tout Eta NJ** a nan **800-601-7200** pou yo jwenn sèvis sipò ki pi pre yo.

Nan NJ, pwogram kont vyolans seksyèl ki nan chak konte a ofri sèvis gratis sa yo:

### *Sèvis sipò:*

Gen defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl (confidential sexual advocates, CSVA) ki disponib 24 sou 24 pou bay sipò pandan egzamen ki fèt lopital yo, pandan antrevi ki fèt nan pòs polis yo, pandan odisyon ki fèt nan tribinal yo ak nan lòt okazyon ankò.

### *Edikasyon pou kominote yo:*

Èfò k ap fèt yo pou edike kominote yo e pou rete an kontak avèk yo pèmèt moun yo konprann sa vyolans seksyèl la ye ak ki sèvis ki disponib pou sivivan yo nan kominote yo.


### *Konsèy:*

Gen konsèy akoutèm, yon fason endividyèl oswa nan gwoup, ki disponib pou sivivan yo ak moun ki pwòch yo. Kantite tan sèvis konsèy yo kapab dire depann de sant lan, men chak sant kapab refere nenpòt moun ki vle jwenn konsèy ak sipò alontèm.

### *Pwogram prevansyon:*

Èfò k ap fèt yo nan domèn prevansyon primè gen objektif pou goumen kont nòm ki danjere yo epi fè respekte prensip ekite, respè ak konsantman yo.

Anplis pwogram nou genyen nan konte yo, nou genyen plizyè **pwogram ki adapte ak diferan kilti**. Se yon kominote kiltirèl an patikilye ki kreye chak sèvis ki adapte ak kilti pa l la. Sèvis sa yo la pou bay sivivan yo yon sipò ki adapte avèk eksperyans yo ak bezwen yo nan kominote yo, epi yo pran an konsiderans diferan karakteristik kilti yo ak idantite chak moun genyen an.

Pou jwenn yon lis ki gen tout pwogram pou manm nou yo ak plis enfòmasyon sou sipò ki disponib la, tanpri ale sou [njcasa.org/find-help](https://njcasa.org/find-help) oswa eskane kòd QR la! 



# The New Jersey Coalition Against Sexual Assault



## Pwogram pou manm yo

New Jersey Coalition Against Sexual Assault (NJCASA) se yon òganizasyon ki prezan nan tout Eta a pou defwann dwa moun yo e pou ranfòse kapasite yo. Li reprezante pwogram kont vyolans seksyèl k ap travay nan 21 konte New Jersey yo, Biwo pou Prevansyon Vyolans lan ak Asistans Viktim yo nan Rutgers University - New Brunswick, ak 8 pwogram ki adapte ak diferan kilti.

*Remak: yon asterisk (\*) vle di se yon pwogram ki adapte ak yon kilti an patikilye.*

### **Konte Atlantic**

Avanzar - 800.286.4184

### **Konte Bergen**

healingSPACE - 201.487.2227

### **Konte Burlington**

CONTACT of Burlington County -  
856.600.4800

### **Konte Camden**

Services Empowering Rights of  
Victims (SERV) - 866.295.7378

\* Harambe Social Services -  
609.225.6936

\* Hispanic Family Center of  
Southern NJ - 856.541.6985

### **Konte Cape May**

Coalition Against Rape and  
Abuse - 877.294.2272

### **Konte Cumberland**

SERV - 800.225.0196

### **Konte Essex**

\* Partners - 973.233.0111 SAVE  
of Essex - 877.733.2273

### **Konte Gloucester**

SERV - 866.295.7378

### **Konte Hudson**

Hudson SPEAKS - 201.795.5757

### **Konte Hunterdon**

SAFE in Hunterdon - 908.788.4044

### **Konte Mercer**

Womanspace - 609.394.9000

### **Konte Middlesex**

\* Manavi - 732.435.1414

Middlesex County Center for  
Empowerment - 877.665.7273

Rutgers University-New Brunswick  
Office for Violence Prevention &  
Victim Assistance - 848.932.1181

### **Konte Monmouth**

180 Turning Lives Around -  
888.264.7273

\* Community Affairs & Resource  
Center - 732.774.3282

\* Mercy Center - 732.774.9397

### **Konte Morris**

Morris County Sexual Assault  
Center- 973.829.0587

### **Konte Ocean**

St. Francis Counseling Service -  
609.494.1090

### **Konte Passaic**

\* Wafa House - 800.930.9232

\* Jewish Family Service &  
Children's Center of Clifton-  
Passaic - 973.777.7638  
Passaic County Domestic &  
Sexual Violence Services -  
973.881.1450

### **Konte Salem**

Salem County Women's Services  
- 856.935.6655

### **Konte Somerset**

Safe+Sound Somerset -  
866.685.1122

### **Konte Sussex**

Domestic Abuse & Sexual Assault  
Intervention Services - 973.875.1211

### **Konte Union**

Union County Rape Crisis Center  
- 908.233.7273

### **Konte Warren**

Domestic Abuse & Sexual  
Assault Crisis Center -  
908.453.4181

